

## Enpak deklarasyon pou jistis: Vizyon Akademi an

**Tit:** Vizyon Akademi an

**Dat:** 11.3.21

Èske yo te itilize [Zouti Planifikasyon pou jistis Rasyal](#) ?  Wi  Non (pwosesis lan ap kontinye)

Si sa fèt, ekri dat (yo) ke rankont REPT yo te fèt ansanm ak tout yon lyen pou rankont REPT ki fini deja yo la: 10.1, 8, 13, 22 ak 29 [Zouti Planifikasyon pou jistis Rasyal](#)

Èske gen yon manm ekip pou jistis la, ak estrateji kont eka nan opòtinite yo te revize deklarasyon sa a?  Wi  Non

BPS Pati pou Zouti Planifikasyon pou jistis Rasyal	Rezime/Lojik
<p><b>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak enpak</b>  <i>Ki pwopozisyon/efò yo vle kòm rezilta ki genyen ladan eliminasyon eka egalite yo? Kilès ki te dirije travay/rankont sa a, epi èske yo te reprezante idantite etidyan ak gwoup fanmi BPS yo (gwoup ki konsène yo gen ladan yo moun ras Nwa, Latino, Azyatik, Endijèn, imigran, ki pale plizyè lang, epi kap suiv yon pwogram Edikasyon espesyal pou elèv ki an difikilte aprann)?</i></p>	<p>BPS nan pwosesis kreye yon vizyon akademik ki santre sou . Nou konsantre nou sou ranfòse nivo 1 edikasyon an atravè etablisman an, sa pral afekte tout elèv yo. Nou kwè ke yon Nivo 1 edikasyon ki pi solid ap ogmante opòtinite sitou pou SWDs nou yo, l' ap sipòte ELs nou yo, epi ede redwi kantite elèv ke yo idantifye pou sèvis edikasyon espesyal, espesyalman sa ki genyen klas pa yo apa. Nou fè efò pou asire ke elèv nou yo gen aksè a yon edikasyon nan premye lang yo, ke yo entegre yo nan opòtinite yo, ke yo jwenn yon alfabetizasyon ki jis ansanm ak gwo sipò pou yo kapab rekipere.</p> <p>Travay sa a genyen ladan Doktè Drew Echelson, ki se Sipèvizè an chèf Akademi an; Farah Assiraj, ki se direktè adjwen Akademi an; Christine Landry, ki se Asistan Sipèvizè Akademi an ak pou Aprantisaj Pwofesyonèl; Shakera Ford-Walker, ki se asistan sipèvizè pou lidè pwofesè yo; Jill Carter, ki se Direktè Egzekitif pou Sante ak Byennèt; Ethan d'Ablemont Burnes, ki se Sipèvizè Adjwen pou Edikasyon Espesyal la; ak Kristen Daley, ki se Direktè pwojè espesyal ak inisyativ pou asistan sipèvizè Akademi an. Gwoup sa a gen mwens divèsite rasyal ke sa ou ta jwenn pami elèv nou yo, men li gen ladan moun ki gen ekspètiz sou kesyon bay sipò yo nan ansèyman kiltirèl, lengwistik, ak aprantisaj ki bezwen akonpanyeman, epi bezwen SWDs ak ELs yo.</p>
<p><b>2. Swivi ak plan Estratejik la</b>  <i>kijan pwopozisyon/efò an ap swiv plan estratejik etablisman an?</i></p>	<p>Vizyon akademi an ap swiv priyorite sa yo nan plan estratejik BPS 2020-2025 la: 1) yon estrateji rekiperasyon solid, ki enkli nan chak klas, ki ogmante nan edikasyon an aksè a lang natifnatal ki swiv liy 01 ELIMINE EKA OPÒTINITE AK EXPLWA ak bon rezilta ki jis pou elèv yo; 2) Yon estrateji ratrapaj solid, ki ogmante plis aksè ki genyen ak ansèyman nan lang natifnatal yo, epi tou yon ansèyman ak aprantisaj BPS ki anbisyè</p> <p>Yon alfabetizasyon ki jis nan tout matyè yo k' ap swiv 02 Yon APPRANTISAJ AKSELERE an bon kalite ak kè kontan nan tout klas andedan etablisman an; 3) Yon entegrasyon nan chak klas, ki ogmante aksè a yon edikasyon ki nan lang natifnatal yo, yon alfabetizasyon ki jis nan tout matyè epi ki garanti tou kalite pou chak klas/lekòl yo swiv 04 Yon PWOMOSYON pou OPÒTINITE Finansman yo ak jistis e san patipri nan yon anviwònman akeyan, epi; 4) Garanti bon jan kalite pou chak klas/lekòl k' ap swiv 05 KILTIVE KONFYANS nan yon Finansman ki egal epi jis tou nan yon anviwònman akeyan.</p>

<p>3. <b>Analiz done</b> <i>Ki enfòmasyon yo te analize? Èske diferan ras ak gwoup konsène yo te debat sou li? Kisa li te afiche konsènan eka egalite yo?</i></p>	<p>Ekip ki te devlope vizyon pwojè an te gade kèk enfòmasyon istorik sou dezakò ki soti nan MCAS ak tout done resan sou kwasans ki soti nan MAP la. Nou jwenn ke nòt elèv EL, SWD, Nwa, ak Latino nou yo ap trennen dèyè nòt pa elèv ki pa EL, nan Edikasyon jeneral, ki Blan ak Azyatik nou yo. SWD nou yo ki tou fè pati de EL yo istorikman fè nòt ki pi ba pase tout lòt gwoup demografik yo, e tandans sa a toujou kontinye dapre dènye done kwasans MAP nou yo. Anplis de sa, nou te revize plasman done sa yo sou baz anviwònman, andikap ak dezakò nan diferan ras ak sèks. Enfòmasyon nou yo endike ke nou idantifye ti jèn nwa ak Latino nou yo yon fason majinalize kòm ti jèn ki gen pwoblèm emosyonèl epi sa fè nou gen plis chans pou nou ta mete ti jèn nwa ak Latino sa yo nan yon anviwònman ki apa.</p>
<p>4. <b>Angajman investisè ki konsène yo</b> <i>Kilès ki konsène (kantite, gwoup ki konsène, epi wòl yo) epi kijan ak kisa li abouti? Kisa etidyan/fanmi ki plis afekte nan pwopozisyon/efò sa a yo te di?</i></p>	<p>Ekip akademi an te rankontre ak Ekip Komite pou Jistis la nan dat 29 oktòb 2021. Biwo endividyèl akademi an te rankontre ak Konsèy Konsiltatif Edikasyon Espesyal, Paran ak Gwoup Travay EL konsènan vizyon ak priyorite depatman yo. Anplis de sa, nan dat ki se 28/10/21, OEL pral rankontre ak gwoup travay EL la pou diskite sou vizyon akademi an pou elèv k ap aprann plizyè lang yo. N ap kontinye chèche kòmman yo nan men investisè ki gen enterè ekstèn ak entèn nou yo.</p>
<p>5. <b>Estrateji pou jistis ras yo</b> <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a diminye eka egalite yo epi ogmante jistis ak lòt pou ras yo? Ki konsekans posib nou pat atann? Ki estrateji nou ka ajoute ki va amelyore epi fè avanse jistis sa a?</i></p>	<p>Lè nou ranfòse nivo 1 edikasyon an andedan etablisman an, nou kwè ke sa pral gen yon enpak pozitif sou rezilta edikasyon elèv nou yo ki soti nan popilasyon ki istorikman sibi opresyon yo. Nan chak klas ou ta dwe wè: 1) pratik sekirize ke tout moun ka entegre; 2) aksè ak materyèl ki nan lang natifnatal yo; 3) angaje elèv yo ak tèks ki konplèks; 4) enstriksyon egzanplè; ak 5) pwofesè ki gen kapasite pou yo reflechi epi ki konnen elèv yo.</p> <p>Dapre enfòmasyon MCAS ki pi resan yo, nan etablisman an (gade kesyon 1), nou bezwen repanse sipò ke nou bay a SWD yo, EL yo, ak jèn Nwa ak Latino yo. Istwa akademik ke BPS rakonte pou elèv ki sibi opresyon nou yo dwe chanje.</p> <p>Nou bezwen fè plis refleksyon sou posib konsekans ke nou pa dezire yo. Pandan n ap chèche kèk estrateji pou konplete jistis la, n ap tou devlope plis alfabetizasyon ki jis, ak estrateji pou ede a ratrapaj, MTTs, akademi akselere, lesan patikilye sou entènèt ak an pèsòn, ak elaji pwogram bileng yo.</p>
<p>6. <b>Bidjè ak aplikasyon</b> <i>Ki enpak sa genyen sou bidjè a? Kijan padan aplikasyon an nou pral asire nou ke tout objektif yo, sitou obejktif pou jistis yo akonpli? Ki idantite gwoup ki pral asire aplikasyon an, epi èske yo gen bon vizyon jistis nan yo menm?</i></p>	<p>Vizyon Pwojè an rete yon travay k ap kontinye fèt, sa gen ladan planifikasyon enpak sou bidjè a. Sepandan, nou te gentan fè kèk premye investisman nan rekiperasyon akademik elèv ki andikape ak EL nou yo ki nan akademi akselere nan tan aprantisaj ki pa antre nan pwogram nan ak pou sèvis reklamasyon. Nou pral investi nan materyèl lang natifnatal pou sipòte ansèyman. Nou pral bezwen investi nan aprantisaj pwofesyonèl pou ranfòse nivo 1 edikasyon an ak elaji ka entegre opòtinite yo.</p>
<p>7. <b>Responsabilite ak kominikasyon</b> <i>Kijan yo va evalye enpak yo, dokimante yo epi kominike enfòmasyon yo bay investisè yo? Kilès ki ap responsab?</i></p>	<p>Objektif final nou se amelyore pèfòmans akademik yo epi asire nou ke elèv yo gen aksè a yon sistèm edikasyon ki nan yon nivo mondyal. Responsabilite yo pral kòmanse ak opinyon investisè ki nan biwo santral yo, lidè lekòl yo, anplwaye lekòl yo, ak elèv yo epi fanmi yo. Anplis de sa, nou pral kontwole evalyasyon MAP ak enfòmasyon MCAS sou pousantaj gradyasyon, eka ant nòt rezilta yo, ak obsèvasyon pwotokòl ansèyman k' apwopriye nan tout rejyon yo. Sipèvizè ki an chaj Etid la pral responsab pou asire aplikasyon vizyon sa a, ansanm ak yon evalyasyon kontinyèl ak kominikasyon rezilta yo.</p>